



Yon Gid Kout sou Pwosesis Pèmisyon Anviwònmantal nan Delaware

[Ministè Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònmantal nan Delaware \(Department of Natural Resources and Environmental Control, DNREC\)](#) se yon òganis pouvwa ekzekitif eta a ki gen responsablite pou l pwoteje alafwa anviwònman Delaware ak sante rezidan nou yo. Lè kèk tip enstalasyon komèsyal oubyen endistriyèl vle ouvri oubyen chanje aktivite yo nan Delaware, yo dwe resevwa yon pèmi (oubyen plizyè pèmi) nan men DNREC pou aktivite ki gen polisyon potansyèl.

Antrepriz yo soumèt aplikasyon pou pèmi bay DNREC epi se ekspè nan domèn lan ki analize yo pou detèmine si pwopozisyon an ka resevwa pèmisyon nan kontèks lwa ak regleman onivo eta oubyen onivo federal. Yo te kreye lwa ak regleman yo nan objektif pou asire alafwa sante piblik ansanm ak anviwònman an rete pwoteje.

DNREC pa jwe wòl defansè anfavè oubyen kont okenn pèmi. Se Sekretè DNREC ki pran desizyon final lan pou etabli si yo pral akòde yon pèmi. Sekretè a depann de enfòmasyon yo soumèt ak aplikasyon pèmi an, evalyasyon ekspè DNREC nan domèn lan te pèfòme sou aplikasyon an, ak kòmantè ki resevwa nan men piblik lan pandan pwosesis pèmi an.

Li rete enpòtan pou DNREC tande opinyon nan men vwazen yon aktivite yo pwopoze, ak lòt manm piblik la. Opinyon sa yo ka anfavè pwojè a oubyen yo ka opoze a pwojè a.

Pwosesis pèmi DNREC ak kijan pou w patisipe ladan l:

1. DNREC pibliye avi legal nan journal nan Delaware ak anliy pou mete piblik la okouran de aplikasyon, kesyon pèmi, ak lòt aksyon Ministè a te pran. Ou ka jwenn avi DNREC yo nan de.gov/dnrecnotices. Ou ka abone pou w resevwa notifikasyon DNREC otomatikman atravè yon abònman pa imel isit la: dnrec.alpha.delaware.gov/subscribe/. Yo pibliye kèk materyèl aplikasyon anliy; gen lòt dosye ki disponib pou evalyasyon atravè yon randevou.
2. Depi yo fin analize yon aplikasyon pèmi epi yo detèmine li konplè, yo bay notifikasyon piblik pou aplikasyon an. Nan moman sa a, DNREC ka chwazi pou l òganize yon Rankont Enfòmasyon Kominote pou l ofri manm piblik la opòtinite pou poze kesyon konsènan aplikasyon an anvan yo soumèt kòmantè. Nan yon Rankont Enfòmasyon Kominote, DNREC ka ofri enfòmasyon epi ou ka poze kesyon konsènan enfòmasyon ki anndan aplikasyon pèmi an. Pa gen anyen nan Rankont Enfòmasyon Kominote a ki pral fè pati nan dosye ofisyèl aplikasyon pèmi an. Yo afiche jan de rankont sa yo nan Kalandriye Rankont Piblik Eta a (publicmeetings.delaware.gov/) ak kalandriye evènman DNREC yo (de.gov/dnrecmeetings).



3. Pou kèk aplikasyon pèmi, yo ka òganize yon Odyans Piblik pou pèmèt piblik la tandè detay konsènan sijè pèmi espesifik epi pou soumèt kòmantè. Si yon rezidan vle mande yon odyans piblik, yo ta dwe kontakte Ministè a pou fè yon demann ofisyèl pou yon odyans piblik. Demann lan dwe prezante nan espas tan ki endike nan avi piblik la epi li dwe genyen yon deklarasyon rezonab konsènan enpak pwobab pèmi an. Si yo pa mande yon odyans, yo ka akòde yon pèmi san odyans. Yon Odyans Piblik fòmèl diferan de yon Sesyon Enfòmasyon Kominote: anplwaye DNREC pa gen dwa reponn kesyon nan odyans lan, epi kandida pa angaje nan diskisyon ak piblik la pandan odyans lan. Moun ki ta renmen ofri kòmantè pandan odyans lan dwe enskri davans. Jwenn enfòmasyon sou Odyans Piblik DNREC, Pwotokòl kòmantè Piblik, ak Enskripsyon pou kòmantè Piblik nan: de.gov/dnrechearings.
4. Apre Odyans Piblik la, y ap aksepte kòmantè piblik alekri sou yon peryòd ki dire omwen 15 jou. Yo ka pwolonje peryòd tan sa a adisyonèlman, si sikonstans yo mande sa. Tan sa a pèmèt moun yo soumèt kòmantè anfonksyon de sa yo te aprann pandan odyans lan. Tout kòmantè piblik apwopriye, keseswa vèbal nan kad Odyans Piblik lan oubyen alekri anvan oubyen apre odyans lan, gen menm valè epi Sekretè ap ba yo menm enpòtans.
5. Apre fen peryòd kòmantè piblik la, ekspè DNREC nan domèn yo pral analize kòmantè yo ak ofri repons teknik pou kòmantè sa yo nan Memorandòm Repons Teknik. Yo ofri dokiman sa a bay Ofisyè Odyans lan, ki pral fè yon rekòmasyon bay Sekretè a ki baze sou Dosye Odyans konplè a.
6. Apre evalyasyon tout Dosye Odyans lan, Sekretè DNREC pran yon desizyon si pou l apwouve oubyen refize pèmi an. Desizyon sa a, ak rezon ki sipòte l yo, fòmèlman anonse atravè òdonans Sekretè a ki pibliye sou sitwèb DNREC a (de.gov/dnrecorders). Si yo akòde pèmi an, òdonans lan ka-enkli kondisyon espesyal oubyen limit ki nesèsè pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an.
7. Chak odyans piblik gen pwòp paj li, ou ka jwenn nan de.gov/dnrechearings, sa enkli dosye odyans lan okonplè — aplikasyon an, dokiman odyans lan, prezantasyon, tout kòmantè piblik, Memorandòm Repons Teknik lan, Rapò Ofisyè Odyans lan, ak òdonans Sekretè a. Gen anpil pèmi akòde ki pibliye anliy tou, atravè pwogram pèmision yo, oubyen yo disponib pou evalyasyon piblik anpèsòn.

Yon pwosesis transparan, pataj enfòmasyon ak resevwa kòmantè piblik, rete fondamantal nan pwosesis pèmi DNREC an, epi DNREC ap pran nouvo desizyon pou ede rezidan Delaware patisipe nan detèmine kijan lwa ak regleman anviwònmanal Delaware yo afekte yo.

Deklarasyon non-responsablite Objektif dokiman sa a se ofri enfòmasyon konsènan pwosesis pèmi DNREC an epi li pa kaptire tout aspè nan li oubyen kreye okenn responsablite legal. Ou ka jwenn kondisyon legal pou pwosesis pèmi DNREC yo nan lwa ak regleman eta Delaware yo.